



A.D. HENDERSON SCHOOL/FAU HIGH SCHOOL

Rezime plan patisipasyon paran pou lane 2016-17

A.D. Henderson University School / FAU High School pran rezolisyon pou fè tout efò pou enplike paran ak manm yo nan kominote a nan aktivite ak reyinyon nan lekòl la pou kapab ankouraje bon relasyon epi kreye yon patenarya ki solid.

Patipasyon paran yo ak kominote a

- Nou pral kowòdone desizyon ki pataje yo jan sa ekri anba a :
 - Reyinyon anyèl Tit 1 pou paran
 - Fòmasyon pou paran
 - Reyinyon Konsèy Konsiltatif Lekòl la (SAB)
 - Reyinyon Òganizasyon Paran ak Pwofesè (PTO)

Kowòdinasyon ak entegrasyon

- Nou pral envite paran yo pou vin patisipe nan plizyè reyinyon paran ak fòmasyon yo ke plizyè gwoup lidè pral kowòdone nan lekòl la konsa:

○ Nuit pou patisipasyon fanmi	Òganizasyon Paran ak Pwofesè (PTO) a kap kowòdone yo
○ Reyinyon SAB yo	Manm SAB ak prezidan SAB kap kowòdone yo
○ Nuit dakèy/pwogram etid jeneral	Ekip administrasyon an kap kowòdone yo
○ Fwa lannuit pou syans	Depatman syans lan kap kowòdone yo
○ Lwa pou Moun Andikape yo (IDEA)	Ekip pou edikasyon elèv eksepsyonèl yo kap kowòdone yo

Reyinyon anyèl pou paran

- Nou envite paran yo vin patisipe nan reyinyon sa pou kapab konnen plis sou pwogram èd sible a ak Tit 1 an. Reyinyon sa ap fèt mèkredi 19 oktò 2016. Nap voye enfòmasyon paran yo pa mwayen sa yo:
 - Bilten enfòmasyon pou paran
 - Pwogram lyezon ak paran oswa sant resous pou paran
 - Bwochi
 - Afich sou pankat lekòl la
 - Blackboard Connect (imèl ak mesaj vokal)
 - Rezo sosyal/sitwèb la

Fleksibilite nan reyinyon paran yo

- Reyinyon nou yo fleksib nan sans ke nou altène jou ak lè aktivite pou paran yo kòmanse, pwograme reyinyon pou paran yo an apre, epi bay vizit kay paran yo lè sa nesèsè.

Ranfòse kapasite

- Kapasite yo ap rive ranfòse grasa enplikasyon paran yo nan aktivite yo ke fakilte a, ekip la ak adiministrasyon an ap kowòdone a, nan ede paran yo pi byen konprann atant yo, pwogram etid jeneral la, egzijans pou kou yo, epi egzijans pou gradyasyon yo atravè reyinyon ki la pou enfòmasyon paran yo epi atelye pou paran yo.

Kominikasyon

- Lekòl la pral kominike ak paran yo grasa bilten enfòmasyon mansyèl pou paran yo, bilten enfòmasyon pou klas, reyinyon SAB, reyinyon paran, afich sou pankat lekòl la, mwayèn ke nap mete sou sitwèb la chak de (2) semèn pou kapab rete konsantre, mizajou sou sitwèb la, rezo sosyal, Blackboard Connect, reyinyon PTO, pwogram lyezon ak paran ak sant resous pou paran.

Aksè

- Enfòmasyon pou paran yo ap disponib lè paran yo reyini pou kòz reyinyon elèv (ESE)IEP yo.
- Reyinyon akademik pou paran yo ap pwograme an kolaborasyon ak pwofesè yo, administrasyon an, epi konseye pedagojik yo jan sa nesèsè.
- Nap distribiye kominikasyon alekri nan lang angle, espayòl, pòtigè ak kreyòl nan mezi sa posib.